YAYASAN PERMATA BAKTI PERTIWI
PUSAT KEGIATAN BELAJAR MASYARAKAT((PKBM)
"PERMATA ABADI"
Menyelenggarakan Pendidikan :
Paket A (SD), Paket B (SMP), Paket C (SMA), Keterampilan Komputer.
Jl. Raya Tamansari RT. 03 RW. 03 Desa Tamansari, Karanglewas | Telp : 082138190155 | www.pkbmpermataabadi.sch.id

PENILAIAN SUMATIF TENGAH SEMESTER (PSTS) GANJIL

TAHUN AJARAN 2026/2027

Nama Siswa : ..... Hari/ Tanggal : .....

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa Kelas : VIII (Delapan)

Kerjakan soal dibawah ini dengan benar !

A. PILIHAN GANDA

Pandhuan: Pilihen wangsulan kang paling bener kanthi menehi tandha ping (X) ing aksara A, B, C, utawa D!

1. Basa kang isih nggunakake tembung ngoko nanging kacampuran tembung krama inggil kanggo ngajeni wong sing diajak guneman diarani ....
   A. ngoko lugu B. ngoko alus C. krama lugu D. krama inggil
2. Ukara "Panjenengan sampun dhahar dereng?" kalebu basa ....
   A. ngoko lugu B. ngoko alus C. krama alus D. krama lugu
3. Tandha diakritik ing aksara Jawa kang fungsine ngowahi swara vokal (kayata dadi i, u, e, o) diarani ....
   A. pasangan B. sandhangan C. pupuh D. purwakanthi
4. Sandhangan "wulu" ing aksara Jawa fungsine kanggo ngowahi swara vokal dadi ....
   A. i B. u C. e D. o
5. Teks kang nerangake urutan cara nglakoni utawa nggawe soko kanthi urut lan cetha, kayata cara gawe jajanan tradisional, diarani teks ....
   A. deskripsi B. narasi C. prosedur D. eksposisi
6. Teks kang njlentrehake informasi utawa kawruh kanthi cetha lan objektif, kayata babagan pentinge njaga kesehatan, diarani teks ....
   A. prosedur B. eksposisi C. deskripsi D. narasi
7. Puisi Jawa modern kang ora kaiket dening aturan guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu kaya tembang macapat diarani ....
   A. tembang B. geguritan C. parikan D. wangsalan
8. Tembang macapat kang nggambarake watak kanggo nuntun (paring pitutur) marang anak-putu, asring digunakake kanggo mulang kabecikan, diarani tembang ....
   A. Kinanthi B. Durma C. Megatruh D. Pocung
9. Tembang macapat kang nggambarake watak nesu lan pasulayan/perang diarani tembang ....
   A. Gambuh B. Durma C. Asmaradana D. Sinom
10. Tokoh punakawan ing pewayangan Jawa kang dikenal minangka bapa lan pamomong para satriya, kagambarake gemuk lan wicaksana, yaiku ....
    A. Gareng B. Petruk C. Semar D. Bagong

B. PILIHAN GANDA KOMPLEKS

Pandhuan: Pilihen wangsulan sing bener luwih saka siji kanthi menehi tandha ping (X) ing aksara kang dipilih!

11. Pratelan kang bener babagan aksara Jawa lan sandhangan yaiku ....
    A. Sandhangan swara digunakake kanggo ngowahi swara vokal ing aksara Jawa.
    B. Sandhangan wulu ngasilake swara vokal "i".
    C. Sandhangan suku ngasilake swara vokal "u".
    D. Pasangan lan sandhangan padha wae fungsine.
    E. Sandhangan taling tarung ngasilake swara vokal "o".

12. Pratelan kang bener babagan geguritan lan tembang macapat yaiku ....
    A. Geguritan ora kaiket dening guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.
    B. Tembang macapat kaiket dening aturan guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.
    C. Geguritan lan tembang macapat padha wae bab aturane.
    D. Saben jinis tembang macapat nduweni watak utawa gambaran kang beda-beda.
    E. Geguritan mung bisa ditulis kanthi aksara Jawa.

C. MENJODOHKAN

Pandhuan: Jodhohna pratelan ing kolom kiwa karo pilihan wangsulan kang trep ing kolom tengen kanthi nulis aksara ing kolom "Jawaban"!

13. Jodhohna sandhangan aksara Jawa ing ngisor iki karo swara vokal kang diasilake!

No.	Sandhangan	Jawaban		Swara Vokal
1.	Wulu		A.	e (kaya ing tembung "sate")
2.	Suku		B.	i (kaya ing tembung "iki")
3.	Taling		C.	u (kaya ing tembung "kula")
4.	Taling tarung		D.	e (schwa, kaya ing tembung "emas")
5.	Pepet		E.	o (kaya ing tembung "loro")
			F.	a (kaya ing tembung "apa")

14. Jodhohna tokoh punakawan ing ngisor iki karo gegambarane!

No.	Tokoh	Jawaban		Gegambaran
1.	Semar		A.	Anak Semar kang cendhek, tangane dawa, lan lucu
2.	Gareng		B.	Bapa punakawan, wicaksana lan gemuk
3.	Petruk		C.	Anak Semar kang gembuk lan blaka
4.	Bagong		D.	Anak Semar kang dhuwur lan irunge dawa
5.	Werkudara		E.	Satriya Pandhawa kang gagah lan kuwat
			F.	Ratu ing kraton Ngastina

D. TABEL BENAR/SALAH LAN YA/BOTEN

Pandhuan: Wenehana tandha centhang (✓) ing kolom kang trep kanggo saben pratelan!

15. Tamtokna manawa pratelan ing ngisor iki babagan aksara Jawa lan jinis teks Bener utawa Salah!

No.	Pernyataan	Bener	Salah
1.	Sandhangan digunakake kanggo mateni swara vokal aksara Jawa.		
2.	Teks prosedur nerangake urutan cara nglakoni utawa nggawe soko.		
3.	Teks eksposisi tujuane njlentrehake informasi kanthi objektif.		
4.	Geguritan kaiket dening guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.		
5.	Punakawan yaiku paraga ing pewayangan Jawa kang nduweni watak lucu lan wicaksana.		

16. Kelasmu arep gawe pentas cilik nyritakake lelakone Semar lan anak-anake ing acara pengetan dina basa Jawa. Tamtokna manawa pratelan ing ngisor iki Leres (trep) utawa Boten (ora trep)!

No.	Pernyataan	Leres	Boten
1.	Kegiyatan kasebut kalebu wujud nglestarekake budaya lan sastra Jawa.		
2.	Semar, Gareng, Petruk, lan Bagong kalebu tokoh punakawan.		
3.	Pentas kasebut ora ana gandheng cenenge karo pewayangan Jawa.		
4.	Nggunakake basa Jawa ing pentas kasebut bisa nambah kawruh basa lan sastra.		
5.	Pentas pewayangan mung bisa ditindakake dening dhalang profesional wae.		

E. ESSAI

Pandhuan: Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi cetha lan bener!

17. Terangna bedane teks prosedur lan teks eksposisi basa Jawa, lan wenehana tuladha topik saben-saben!

    .....

    .....

    .....

18. Terangna apa wae unsur-unsur kang kudu ana ing sawijining geguritan!

    .....

    .....

    .....

F. URAIAN

Pandhuan: Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi urut lan lengkap!

19. Kowe kepengin gawe teks prosedur babagan cara gawe jajanan tradisional Jawa, kayata gethuk utawa klepon.
    a. Sebutna struktur teks prosedur kang kudu ana (tujuan, bahan/alat, langkah-langkah)!
    b. Gawea telung langkah nggawe jajanan kasebut kanthi nggunakake basa Jawa!
    c. Terangna pentinge nggunakake tembung panyambung (kaya "sakwise iku", "banjur") ing teks prosedur!

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

20. Perhatekna aksara Jawa lan sandhangane ing pasinaon. Guru mènta kowe nulis tembung "kula sinau" nganggo aksara Jawa.
    a. Sebutna aksara legena kang digunakake kanggo nulis tembung "kula" lan "sinau"!
    b. Terangna sandhangan apa wae kang dibutuhake supaya swara vokal ing tembung kasebut trep!
    c. Terangna manfaate sinau nulis aksara Jawa tumrap generasi mudha saiki!

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

— Sugeng Nggarap —